RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25).

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taoen	f 6,—	njoewoen kabajar roemijin.
½ „	f 3,—	
3 woelan	f 1,50	

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**

IGNATIUS - COLLEGE

DJOKJAKARTA.

Telefoon no. 885.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

PRADJA RAHAJOE.

JÈN BOTEN NGAMBRA - AMBRA, INGGIH MANDJERO.

Poenapa tegesipoen tetemboengan poenika? Jèn koela gadah sabin sabaoe, ladjeng dados kalih baoe, tigang baoe lan saladjengipoen poenika namanipoen ngambra - ambra. Jèn koela namoeng saged gadah sabin sabaoe, pamedalipoen sapanènan namoeng 38 datjin, mangka ladjeng koela lemèni lan sapanoenggilanipoen, ngantos saged medal 60 datjin, poenika namanipoen mandjero.

Para maos temtoe sampoen sami mangertos, bilih djembaripoen tanah Djawi poenika tansah adjeg kémawon, nanging tjatjah djiwanipoen mindak-mindak kémawon. Masti kémawon jèn wonten golongan ingkang pasitènipoen kadamel ngambra-ambra, golongan sanès kepeksa boten gadah pasitèn. Mangka tijang Djawi poenika ingkang katah - katah gesangipoen saking pamedaling pasitèn. Manawi boten gadah pasitèn ingkang dipoenteda ladjeng saking poendi? Poenapa tijang tani kadadosaken tijang berah? Jèn satoenggal kalih kémawon, poenika boten dados poenapa, nanging jèn katah, poenika tjalon ngrisak pradja rahajoe. Mila sasaged-saged, para djempolan ingkang ngadjengaken pradja rahajoe, wadjib ngréka daja amrih ingkang kados makaten poenika boten kelampahan.

Doemoeginipoen samangké katah tijang ingkang boten manah dateng ingkang dipoenwastani njamboet damel mandjero. Tijang ingkang wonten ing tanah Djawi kétjalan sabinipoen, sami nékad késah dateng Soematra perloe sasabin wonten ing ngrika. Kados makaten poenika saé, lo katimbang boten wonten ingkang dipoenteda! Nanging meksa koela tjatjad.

Kados poendi teka dipoentjatjad?

Nalaripoen makaten. Tijang tani ingkang wonten tanah Djawi kekirangan pasitèn, ladjeng nékad dateng Soematra perloe pados pasitèn ingkang wijar, poenika namoeng noeroeti raosing manah. Wonten ing ngrikanipoen inggih pados pasitèn ingkang boten angèl garap-garapanipoen. Tijang waoe boten ngoelir boedi. Mangga oepami wonten ngrika roemaos rekaos, manahipoen ladjeng nglokro, sambatipoen „Idepa rak ora mréné!"

Inggih „idepa" poenika ingkang kedah dipoengatosaken. Tijang Djawi oepami ngertosa (idepa) manawi ing tanah Djawi ngriki taksih katah ingkang kénging kagarap mandjero, temtoe gesangipoen boten sangsaja ngrekaos.

Kados atoer koela ing nginggil, sabin ingkang namoeng ngedalaken 38 datjin, manawi kagarap mandjero, saged medal 60 datjin. Kita sampoen gadah landbouw-consulent pinten-pinten, oepami tijang doesoen poeroena njoewoen priksa saénipoen maloedjeng lsp. kados poendi, temtoe dipoenwoelangi. Nanging sami boten poeroen, malah mbodokaken dateng para landbouw - consulent. Oepami dipoentjrijosi: „mbok ditjoba," wangsoelanipoen „tjoba, tjoba, ja nèk kebeneran, nèk ora, rak dadi gawé."

Boten soesah dateng Soematra, ing tanah Djawi taksih katah wana ingkang kénging kaboebak oepami ing sakiwa-tengenipoen Banjoewangi. Nanging sami boten poeroen mrika, awit ngrekaos panggarapipoen.

Tijang alit njobi-njobi poenika limrahipoen adjrih jèn kapitoenan. Mila para djempol - djempolan ingkang kedah noeladani. Njobi toembas sabin, ladjeng kagarap mandjero, manoet pitedahipoen landbouw-consulent. Jèn kaleresan, tetijang doesoen kiwa-tengen kapoerih manding kalijan gadahanipoen pijambak. Bokmanawi lami-lami poeroen niroe.

Nggarap mandjero poenika oegi satoenggiling sarana kanggé ngadjengaken kagoenan, toemoesipoen dateng ékonomi, ladjengipoen datneg karipahan (welvaart).

Mangga para sadèrèk djempolan, samia paring toelada dateng tijang alit njamboet damel mandjero.

Jèn Kober.

ONDERWIJS.

P. G. H. B. AFD. BANJOEMAS AWATAK BAPA.

Nalika dinten Slasa tg. 24 Juni '30 bestuur P. G. H. B. afd. Banjoemas ngwontenaken pepanggihan kalijan sad.² saking N. S. saha K. S. ing Banjoemas toewin ing kiwa-tengenipoen, manggèn ing grija kamar bolah Éko - Tjipto.

Ingkang rawoeh miwah warga bestuur: sad. N. S. 17, sad. K. S. 12, sad.², sanèsipoen amargi dados bestuuring P. G. H. B. kantja goeroe doesoen satoenggal, kantja goeroe bantoe kalih, kantja H. K. S. satoenggal.

Sadèrèk² N.S. saha K.S. Tjilatjap toewin ingkang S. O. Banjoemas soeka ketrangan boten saged rawoeh, amargi wonten alangan. Makaten oegi sad. Soekotjo, voorzitter H. B. P. N. S. lan V. B. P. G. H. B. sami soeka ketrangan kanti telegram nerangaken jèn sami wonten alangan boten saged andjoemenengi pepanggihan.

Saking H. B. K. B. boten wonten ketranganipoen.

Djam 10.20 éndjing pepanggihan dipoenbikak déning voorzitter tjabang, sad. P. S. Atmasoedarma, mawi nerangaken bab maksoedipoen pepanggihan poenika saha nerangaken kados-poendi kawontenanipoen bestuur afd. Banjoemas, ingkang kaatoer manoet larasing persatoean.

Ingkang dados rembag ing salebeting pepanggihan poenika, i. p. raos² lan pekabaran² sarta kedadosan² ingkang gegandèngan kalijan angkatan leider koersoes goeroe doesoen ing Banjoemas, ingkang ladjeng aboentoet pandjang, ambebajani toemrap tentreming persatoean.

Kawontenaning pepanggihan ketingal tata saha inggil peil - ipoen. Toentoenanipoen vergadering pantjèn dipoentjepeng kanti keras, ngantos keplok saha goemoedjeng dipoenawisi. Ingkang nerangaken sadaja kawontenan saha kedadosan² ingkang gegajoetan kalijan rembag ing éndjing poenika, i.p. sad. Dirin (P.G.B.er) minangka soesoelihipoen P. G. H. B., sad. Prawirasoedarma (K. S. er), sad. Martasiswaja (N. S. er) lan sad. Soerawidagda. (N. S. er).

Débat dipoenwontenaken rambah kaping kalih. Ingkang toemoet medar sabda langkoeng saking sadèrèk sedasa. Woesana pepanggihan mendet poetoesan kados ingkang kaseboet ing motie ing ngandap poenika:

„Pertemoean diantaranja bestuur P. G. H. B. afd. Banjoemas dengan seloeroeh saudara² N. S. ers dan K. S. ers di Banjoemas dan seantéronja, diadakan pada tg. 24 Juni '30 bertempat diroemah kamar bolah Éko - Tjipto, dikoendjoengi oleh 17 N. S. ers, 12 K. S. ers dan seorang goeroe désa, 2 orang goeroe bantoe biasa serta seorang H.K.S. er sebagai anggota bestuur P. G. H. B.

Mendengarkan halnja saudara² Soerawidagda, Prawirasoedarma, dan Martasiswaja, jaïtoe jang pertama ditoeroenkan dari leider cursus goeroe desa mendjadi hulpleider, jang kedoea diangkat mendjadi leider pada cursus goeroe desa, dan jang ketiga dilepas dari hulpleider.

Mendengarkan lagi pekabaran² jang mengadakan salah terima sebagai:

a. Keangkatan, toeroenan dan kelepasan itoe dari perboeatannja seorang K. B. er

b. Artikel di Sw. Tm. no. 23 tg. 6 Juni '30 pagina kedoea, berkepala P. N. S. in actie, jang ada kalimatnja berboenji: Sareng sampoen wonten Banjoemas, tansah tampi pasemon saking S.O.-nipoen, ingkang isi pangina oet. pandakwa jèn sad. Soera (ma'af, wong ming weton N.S., dadi ora saka K. S.) boten saget njepeng toentoenan dados leider koersoes goeroe doesoen. Sampoen mesti kémawon djalaran leider kala roemijin saking . . . . . . K. S., dus moesti tjakapnja.

Menimbang bahwa keangkatan dan toeroenan serta kelepasan itoe boekannja dari perboeatannja seorang K. B. er.

Menimbang lagi bahwa rasa-rasa jang dapat mengadakan salah terima itoe bersandaran kabar² jang tidak boleh dipertjaja.

Berpendapatan bahwa semoea pekabaran² angin itoe bohong semoea.

Memoetoeskan:

a. Membohongkan semoea pekabaran² angin.

b. Membohongkan kalimat artikel didalam Sw. Tm. no. 23 tg. 6 Juni '30 pagina kedoea, berkepala P.N.S. in actie seperti terseboet diatas.

c. Menjampaikan motie ini kepada V. B. P. G. H. B. H. B. P. N. S. H. B. K. B. dan menjiarkannja dalam pers.

Kemoedian pertemoean meneroeskan pembitjaraan sehari - hari.

Sadèrèk saking N. S. sawatawis ngadjengaken oesoel, soepados pepanggihan njetoedjoni dateng motie-nipoen P.N.S. afd. Banjoemas ingkang sampoen kawrat ing serat² kabar.

Voorzitter soeka katrangan jèn P. G.H.B. boten saged nanggel, djer dèrèng rembagan, lan malih P.G.H. B. poenika poetranipoen katah, boten ngemoengaken P.N.S. pijambak kémawon. Manawi prakawis poenika badé karembag, langkoeng saé dipoenoendoer roemijin, mangké P. G.H.B. ladjeng ngrembag.

Prakawis pamoendoetipoen sadèrèk saking N. S. poenika ladjeng dados rembag pandjang lan nelasaken wekdal katah sanget. Woesana sad. Soepardi oesoel soepados mangké sasampoenipoen pepanggihan kalijan bestuur P.G.H.B. katoetoep, teroes ngwontenaken pepanggihan malih antawisipoen sadèrèk² N. S. ers kalijan golongan sanès. Nganggé lampah poenika kados wonten poetoesanipoen lan malih P. G. H. B. sampoen nama majar, djer ladjeng boten tjampoer tangan. Oesoelipoen sad. Soepardi dipoenmoepakati déning para ingkang sami lenggah.

Djam 2.30 sijang pepanggihan antawisipoen bestuur P.G.H.B. kalijan N. S. ers saha K. S. ers dipoentoetoep kanti wiloedjeng.

Ingkang sami lenggah ladjeng kaatoeran neroesaken lenggahan perloe ngrembag motienipoen P. N. S. tjabang Banjoemas. Ananging sadèrèk² saking sanès golongan kedjawi N.S. ers sesarengan sami djoemeneng lan nilar papan pepanggihan.

Sad. Soepardi nglairaken kirang renaning panggalihipoen déné pepanggihan boten pikantoek bijantoenipoen saking golongan sanès, malah kénging dipoenwastani belangstelling saking golongan sanès nihil. Mangka golongan N. S. ers sampoen tjekap pangrembagipoen prakawis motie P. N. S. Banjoemas. Pepanggihan ladjeng boten saèstoe dipoenteroesaken.

Pepanggihan ingkang kaping kalih poenika kénging dipoenwastani dipoenbikak, nanging ladjeng teroes dipoentoetoep.

Verslaggever;
Wg. OENTOENG
Ingkang noeroen saha andjawèkaken.
P. S. ATMASOEDARMA.

Noot. Ingkang dipoenkadjengaken Redactie poenika pakabaran ingkang NJATA. Jèn wonten pakabaran ingkang boten njata kalebet ing Sw. Tm. poenika margi Redactie taksih woedjoed manoengsa. Mila Redactie bingah tampi motie poenika, awit sinten ingkang lepat badé ketawis. Motie poenika „membohongkan" satoenggiling oekara ingkang kamot ing artikel „P.N.S. in actie" ing Sw. Tm. no. 23. Poenapa boten prajogi jèn ingkang „membohongkan" lan ingkang „dibohongkan" (samanten waoe jèn boten poeroen dipoenmakatenaken) ladjeng sami rembagan mawi njoekani KATRANGAN sarta dipoennganntos ACCOORD. Redactie memoedji soepados persatoean malah saja kekah, awit jèn boten makaten, ngrendetaken adjenging Indonesia.

STANDAARDSCHOOL RAMBIPOEDJI.

Pakempalan Carmelstichting mentas mbikak Standaardschool énggal wonten ing Rambipoedji S.S./O.L. nalika tanggal 6 Maart 1930.

Tjatjahing moerid sadaja, djaler èstri, salebetipoen woelan:

Maart	wonten	25.
April	„	38.
Mei	„	34.
Juni	„	43.

Moerid-moerid poenika waoe, ratjak anakipoen tijang tani ing Rambi ngrikoe, ingkang sampoen tjampoeradoek kalijan tijang Medoera; déné poetranipoen prijantoen (ambtenaren) ing Rambi, namoeng $^1/_5$ ipoen. Pembajaran sekolah, laré satoenggal, ratjak 41 c.

Mandap - minggahing absenten, goemantoeng dateng kawontenan. Jèn mangsa panèn larè-laré katah ingkang sami pamit, perloe ngréntjangi derep tijang-sepoehipoen wonten ing sabin; semanten oegi jèn mangsa tanem.

PANDAMELAN TOEKANG.

(Techniek).

Sadaja tijang ingkang sami njamboet damel poenika èstoenipoen inggih toekang, nadjan ndara goeroe inggih toekang moelang; ndara mantri poelisi: toekang madosi sisik melik; ndara tjarik: toekang noelis; poen koeli, inggih toekang mikoel, saladjengipoen. Éwasamanten manawi toekang waoe ladjeng dipoenpanambangi: besi, kajoe, batoe alias toekang besi, toekang kajoe, t. batoe, sadjakipoen kok ladjeng katingal alit sanget, poenapa sababipoen?

Sabab 1e. ingkang dipoentolèh namoeng toekang besi ingkang boten wedalan sekolahan, roemaosipoen pandamelan toekang besi poenika pandamelan ingkang gampil pijambak, djer tanpa sekolah, boten ngertos pa béngkong, teka inggih saged dados toekang besi; sekolahipoen para toekang besi sineboet: ngenèk (ngernèt). Djer ingkang dipoenwastani sekolah poenika, namoeng ingkang sami ngalami linggih ing bangkoe pamoelangan.

Sabab 2e. Toekang besi poenika tanganipoen kapalen, otot pating tjeranteng sami ketingal, tedanipoen katah (loedoek).

Sabab: 3e. Toekang besi jèn noedjoe njamboet damel, roepinipoen awon, reged, pating tjaléngos, panganggé boten resik, sami goepak gemoek saha lisah, ingkang makaten waoe ingkang sami pirsa ladjeng angrèmèhaken; para ném-néman ladjeng kipa-kipa dados toekang besi, djer koewatos soeda bagoesipoen, manawi nakokaké moendak dipoentampik. Gèk sinten ingkang poeroen dados toekang besi, kedjawi tijang ingkang sampoen patèn london kados koela.

Katah tijang ingkang boten sami manggalih bilih toekang besi, toekang kajoe poenika gampil dados sarananing pados sandang teda. Pantjèn bangsa kita Djawi poenika sabagéan ageng tesih katah ingkang remen dateng pandamelan aloes, dados: djoeroe toelis, goeroe, njamboet damel ing kantor - kantor. enz. Dalasan laré Ambachtsschool, ingkang katah, manawi pados pandamelan, inggih milih dados teekenaar, manawi boten saged angsal pandamelan teekenaar, saweg ngetjakaken pertoekanganipoen. Pantjèn, perkawis kahoermatan poenika, tesih dipoen-gondèli sanget déning bangsa kita Djawi, mangka poenika loegoenipoen ambebajani, manawi kita ngoedi mardikaning tanah Indonesia. Malah djaman roemijin ning inggih nama dèrèng dangoe, kahoermatan poenika dipoenaosi sanget katimbang pamedal (blandja); tandanipoen: nadjan blandja sitik, dipoenidini nganggé pajoeng prijaji, benik letter W met de Kroon, toembas titel; toer akèh ragadé, sadjakipoen sampoen marem. Negari ingkang boten gadah titel, saged njadèni titel, sareng

ISINIPOEN:

Jèn boten ngambra - ambra — P. G. H. B. afd. Banjoemas — Standaardschool Rambipoedji — Pantes tinoelad — Rambipoedji — Saé ngaten poenika — Tooneelopvoering — Panglimbang — Poespita mantja warna — Ontjèn sekar gambir melati — Doekoen Merapi — Wawasan boekoe — Oerap-sari — Correspondentie.

---

koela ingkang gadah titel katah, boten wonten ingkang noembasi. E hla keplantrang, njoewoen pangapoenten.

Badé kasambet

KOEROE SÉTRA.

PANTES TINOELAD.

Moegi dadosa panggalihanipoen para K.W. - K.W.!!!

Babagan „Kindervriend."

Maos artikel ing Sw. Tm. no. 27 babagan „Kindervriend" sanget mongkog manah koela! Loehoer lan moeljaning gegajoehaning „Kindervriend," koran ada - ada saking Blitar waoe, boten perloe koela atoeraken, djalaran sinten ta ingkang boten kagoengan kajakinan bilih ndandosi para moeda poenika satoenggiling pakarjan ingkang loehoer sanget. Begdja tanah woetah rah kita, jèn para moeda Indonesia sami ngertos dateng wadjibipoen; ngrangkoel lan lèngkèt sanget dateng kaantepanipoen ingkang saé. Tjekak aos „Kindervriend" pantes tampi pangajoebagja, pantes tinoelad, pantes tiniroe; pantes dados panggalihanipoen para ingkang nedja memajoe ajoening djagad Indonesia!!

Para maos!!

Lairing „Koran" énggal waoe meksa koela nglampahaken pèn, oeloek-oeloek kados kasboet ngingil: njaosi patjitan kagem ngandikan, njaosi panggalihan dateng para K.W. - K.W. soepados manggalih kabetahan kita ingkang sanget perloe lan wigatos waoe.

*

Missie Blitar jasa „Kindervriend" ingkang tjalon njakoep dateng laré-laré H. C. S. — H. I. S. — Standaardscholen lan pam. doesoen. Basa ingkang kanggé tigang warni.

Para sadèrèk, dados kadang Katholiek ing tn. Djawi Wétan, makaten gampilanipoen, sampoen gadah „Kinderkrant."

*

Pandjenengan oegi priksa bilih kadang Kath. ing tn. Djawi tengah oegi gadah „Kinderkrant" inggih poenika „H. I. S." nanging tebanipoen boten wijar kados déné „Kindervriend" ing Blitar waoe; djer namoeng ngrakoep adi-adi koela wedalan oetawi moerid H. I. S. kémawon!

Dados dimas-dimas moerid Standaardscholen lan pamoelangan doesoen boten kalebet ngeboek, mangka poenika sadjatosipoen perloe sanget jèn ta kita wigatosaken; djer pandjenengan priksa pijambak, adi-adi koela moerid - moerid Standaardscholen lan pam. doesoen perloe tampi toentoenan lan pitoeloengan ingkang kados gegajoehaning Kinderkrant waoe, nglangkoengi tinimbang para moerid H.I.S.

Doemoegi ngriki koela kèngetan, dateng pangandikanipoen Sang Resi moeda nalika dinten ageng mèngeti riajaning Pangajomaning para moeda, kalokèng rat St. Aloysius wonten ing Mataram. Pandjenenganipoen sanget mrihatosaken dateng kadang kita moeda para moerid - moerid H.I.S. lan Standaardscholen. Pandjenenganipoen kagoengan panggalih badé mitoeloengi dateng adi-adi kita waoe srana damel „Kinderkrant."

Idam-idaman waoe ingkang kanggé sad. H.I.S.ers sampoen kadoemoegèn! Sapoenika kanggé dimas-dimas moerid angka kalih, kados-poendi??

Béndjing poenapa sagedipoen kabéngkas??

SAKING PAKEMPALAN.

Doekoen Merapi.

Kala dinten Kemis sonten watawis djam 4 tg. 19-6-'30 kantja goeroe koekoeban Doekoen ± 11 ngwontenaken pepanggihan wonten panggénan koela (Praptahandajan) karawoehan Hr. Djajaatmadja; Hr. Soerjamoersandi; Hr. Dirdjawidarsa. Hr. Widyasoejana; sami djempolan P. P. K. D. afd. Moentilan toewin Hr. Hardjawasita (Propagandis V. L. St. Moentilan).

I. Hr. Djajaatmadja ngandikakaken prakawis lid Regentschaps Raad; satjeta-tjetanipoen, ngantos damel marem koela sami.

Lid raad waoe wonten 2 golongan inggih poenika 1e. pilihan. (kapilih déning. kiesman) 2e. benoeman. (kapilih ing negari).

Mitoeroet ngendikanipoen Hr. Djajaatmadja golongan kita taksih angèl sagedipoen kapilih ing kiesman, djer golongan kita prasasat boten wonten ingkang dados kiesman, margi sawenèhing panggénan (mbokmanawi mandar katah), tjaranipoen pilihan kiesman mèh boten wonten bédanipoen kalijan pilihan loerah.

mBokmenawi sedèrèk sedaja sampoen mangertos oetawi midanget tjara-tjaranipoen pilihan loerah doesoen: kawon . . . inggih boten dados.

Saweg kiesman kémawon boten saged, mangka lid raad kasebat no. 1. waoe dadosipoen kapilih ing kiesman, manawi sadèrèk koela boten wonten ingkang dados kiesman kados-poendi sagedipoen dados lid raad no. 1. namoeng boten sedaja panggénan, mbokmenawi sawenèhing papan wonten ingkang dados, poenika kénging koela oepamèkaken manggih lotré woesana saged poetoes ingkang no. 1 (150 héwoe).

II. Ngendikakaken prakawis kempalan. Kempalan poenika katah sanget pigoenanipoen; langkoeng-langkoeng pakempalan poelitiek.

Pakempalan poenika sagedipoen saé manawi katah lidipoen; langkoeng-langkoeng manawi saged katah tjabang-tjabangipoen. Ingkang poenika katah kempalan-kempalan ingkang ladjeng mbenoem propagandis-propagandis, soepados propagada wonten ing papan ingkang sakinten saged dipoenwonteni tjabang. Pakempalan kita P. P. K. D. inggih boten kantoen.

Ngèngeti kempalan poenika sagedipoen saja kijat menawi katah tjabangipoen, ingkang poenika Hr. Soerjamoersandi propagandisbureau toewin djempolan-djempolan sanèsipoen boten kètang tebih toewin angèl papanipoen meksa dipoenrawoehi perloe paring sesorah sageda papan ngrikoe wonten tjabang P. P. K. D.

Sareng sedèrèk Doekoen sampoen kaparingan sesorah katah-katah, sarta badé dipoentoentoen, sarta ngèngeti tebih-tebih sampoen dipoenrawoehi djempolan-djempolan, ladjeng gadah krekat sageda madeg tjabang P. P. K. D. Koela boten badé ngoemoekaken lo sedèrèk; namoeng matoer sablakanipoen. Sampoena dipoenpetek-petekaken oetawi tampi kasagahan badé dipoenigoehaken inggih mopo. Sareng sedèrèk sedaja sampoen saroedjoek ladjeng pilihan bestuur boten kados pilihan loerah mawi sada lo.

Angsal-angsalanipoen pilihan:
1e. Hr. Reksaatmadja voorzitter.
2e. Hr. Djajasoemarta secretaris.
3e. Hr. Djajaatmadja penningmeester.
4e. Hr. Praptahandaja }
5e. Hr. Hardjasoekarna } Commissarissen.

Bakda poenika Hr. Hardjawasita sesorah bab V. L. St. Sabakdanipoen sesorah nampi warga énggal 5. Watawis djam $^{1}/_{2}$ 7 pepanggihan bibar kanti wiloedjeng.

Verslaggever
J. Koes.

POESPITA MANTJA WARNA.

— BABAGAN MISSIE. —
MADAGASKAR.
IV.

D. Imam Priboemi.

Rama warganing Pakempalan Sri Jésoes sampoen ambal kaping pitoe anggènipoen tjobi-tjobi andeder bibiting pawijatan astasani (seminarie) wonten ing koekoeban Madagaskar, éwasamanten kénging dipoenwastani mèh tansah tjabar kémawon, prasasat boten wonten kadadosanipoen. Tijang priboemi ingkang semoe taksih kesangeten anggènipoen ngoegemi lan ngleloeri padatan kina ingkang ngemoe raos goegon toehon, pramila panggoela-wentahing laré inggih taksih kekirangan sanget; saged andjalari laré ingkang katoemoesan gagasan badé dados imam sakedik sanget, oetawi mèh boten wonten. Andjawi poenika, tijang priboemi ingkang ngrasoek agami Katoelik oegi saweg doemoegi toeroen ingkang kaping kalih. Kinten-kinten ing taoen 1911 sareng toemindaking Missie ing Taunarive sampoen pikantoek 50 warsa, lan toeroen ingkang kaping tiga sampoen katjepeng, sami sampoen netjep raos Katoelik, rama saged angedegaken pawijatan astasani ingkang sapisanan. Mesti kémawon ing sakawit moeridipoen kénging dipoenétang, namoeng ékan kémawon, nanging saselot-selotipoen saged mindak-mindak. (Ngèngetana bibit kawitipoen astasani Djawi ing Moentilan, ing poerwanipoen siswanipoen inggih namoeng kalih, Rama Satiman lan Darmasepoetra, nanging pawijatan astasani ing Ngajogjakarta sapoenika sampoen dasan; sampoen wonten 71). Ing taoen 1925 nalika ingkang djoemeneng biskop ing Taunarive Padoeka Mgr. de Saune, pawijatan astasani Taunarive angedalaken woh ingkang sapisanan: wonten siswa 9 ingkang kaparengaken ing Pangéran nampi Sakramèn Kaimaman wonten ing Madagaskar pijambak. (Kadjawi imam 9 kasebat, sampoen wonten tijang priboemi 4 ingkang mlebet dados warganing Pakempalan Sri Jésoes, kaberkahan dados Imam wonten ing Parijs; sapoenika rama 4 waoe oegi makarja wonten ing tanah woetah rahipoen). Kanoegrahan ageng toemrapipoen Missie Madagaskar, déné sampoen ngedalaken imam priboemi; o améngnaken sanget. (Nanging para sadèrèk koela Djawi, kados sakoela lan pandjenengan boten soesah mèrèkaken prakawis poenika; amargi Missie Djawi oegi sampoen ingoedanènan kanoegrahan ageng poenika. Let sataoen sasampoenipoen rama Madagaskar 9 kasebat nampi Sakramèn Kaimaman, inggih poenika ing warsa 1926 rama Satiman oegi sinengkaken dados Imam Dalem Pangéran; mandar boten let dangoe malih rama Soekiman lan Djajasepoetra inggih binerkahan dados Imam; ing woelan Agoestoes badé sami kondoer dateng tanah Djawi *). O, la, poen Djalaran ragi njlèwèng sawatawis, kaparenga sapoenika ngladjengaken Madagaskar. Éman sanget, déné kinten-kinten let satengah taoen sasampoenipoen rama 9 binerkahan, wonten rama 3 ingkang kataman ing sesakit pès, andadosaken sédanipoen. Kados poenapa soesah prihatosipoen para kadang Madagaskar Katoelik. Ingkang padoeka Mgr. de Saune sanadjan saliranipoen pijambak oegi soengkawa, karsa paring nawala-panglipoer, ingkang soeraosipoen kinten-kinten kados ing ngankap poenika: „Para kadang Katoelik, pada narimaa lan soeméndéa ing karsa Dalem Pangéran. Moendjoeka kaja loeloehoerira Ajoeb: „Pangéran karsa paring imam Dalem; Pangéran karsa moendoet. Moegi asma Dalem kaloehoerna. Djer karsa Dalem, soepaja imam Dalem teteloe ikoe dadi lantaranira ana ing Swarga."

Kawontenanipoen pawijatan astasani ing Taunarive kénging dipoenwastani soeboer saé. Mitoeroet witjalan ing taoen 1926 tjatjahing siswa ing astasani alit wonten 90, déné ingkang sinaoe ilmoe tarka (filsafah) wonten 11 lan ingkang sinaoe ilmoe kaallahan wonten 50. Moegi pawijatan astasani ing Taunarive, ingkang minangka dados pangadjeng-adjeng lan kekoedanganipoen Missie Madagaskar tansah widadaa lan dadosa katja-benggalanipoen pawijatan astasani ing Ngajogjakarta. Pramila moerih adjenging pawijatan astasani Djawi lan soepados énggala wonten pawijatan astasani loehoer poenapa malih énggala wonten sadèrèk Djawi ingkang binerkahan dados imam wonten ing noesa Djawi, para sadèrèk sadaja, ageng miwah alit, djaloe lan èstri, kaatoeran oeroen-oeroen sembahjangan tan kendat. Andjawi poenika, poen Djalaran tjoemantaka kami poeroen angambali sapisan malih angatoeri para prijantoen, ingkang dèrèng dados warganing *Van Lith-Stichting*, énggal loemebeta, toemoeta njoembang soeroeng arta dateng Missie; poenapa déné angadjak para moerid lan laré-laré, ingkang dèrèng dados warganing *Pakempalan Paloepi Darma*, énggal dadosa warga, perloe wiwit alit mila toemoet toemandang amijaraken kraton Dalem Sang Kristoes.

DJALARAN.

* kabar: 3 Agoestoes pangkat saking Éropah. Red.

Poenapa kita boten badé toemoet mbéngkas??

Poenapa kita badé mèndel kémawon??

Poenapa boten perloe dipoentoeloengi??

Poenapa inggih tansah badé ndjagèkaken pitoeloenganing sanès kémawon??

Poenapa kita inggih boten saged tjèkèr pijambak.

Para sadèrèk!!

Mèndel kémawon — onverschillig — poenika kados dédé watak kita. Kadang kita oegi boten trimah mèndel, amem, nanging kados-kados ing sasaged-sagedipoen sami toemandang.

Katanda:

a. Ing Ngajogjakarta roemijin manoet pakabaran ingkang koela pireng, wonten sadèrèk ingkang ngedalaken kinderblad nama Moerid; malah artikelipoen ingkang kapendet wonten „Persoverzicht" koela maos!

b. Soerakarta ndapoek commissie kapoerih matitisaken kados-poendi saged kita ngedalaken „Kinderkrant."

Angsal-angsalaning commissie waoe . . . . . hem — saged nandangi wonten ingkang poeroen ndanakaken kekijatanipoen — nanging poen arta, poen kekijatan ingkang kanggé jasa poendi?? Angsal-angsalaning com. namoeng sadapoer „gadah idam-idaman."

Inggih loemajan — lowoeng — sampoen gadah idam-idaman, tinimbang mati amem, mangka „Een mensch die geen ideaal heeft, is dood!" Tinimbang mati ndagloe, loewih betjik mati kemloentoe. (éntar).

Dados nitik atoer koela ing nginggil, ngèngeti koepija ingkang sampoen wonten, tetéla bilih kadang kita oegi manggalih dateng wontenipoen kinderblad, sanadjan bab poenika waoe saweg mandeg sarana karepé . . . . dèrèng woedjoed . . . . djalaran . . . . bola-bali si doewit!!

H. I. S. saged medal, djalaran wonten artanipoen.

Blitar saged jasa makaten, inggih djalaran gadah arta.

Koran „Moerid" kados atoer koela ing nginggil pedjah, margi ta' ada doewitnja. Dados jèn kita badé nijat ngawontenaken, ingkang perloe kamanah artanipoen roemijin!

Ing nginggil koela matoer, ngèngeti koepija ingkang sampoen toemindak, terang bilih „kadjeng sampoen wonten," Sapoenika amilih kadjeng ingkang moelja waoe boten namoeng mandeg sak kadjeng kémawon; poenapa boten prajogi bilih K. W. - K. W. sami gotong-rojong, tjantjoed tali-wanda, nandangi bab poenika?? Koela matoer K.W.-K.W., djalaran soepados ragi wonten kans sagedipoen kelampah, ngèngeti gotong-rojong poenika waoe.

P.K.W. toemoet manggalih wontenipoen *„Jeugdorganisatie"* nedya ndandosi para moeda-moeda kita. Kados jasa kinderblad poenika oegi boten mlèntjèng saking garis poenika waoe. Kinderblad kados atoer koela poenika, saking pamanggih koela pantjèn perloe, lan moerakabi sanget.

Moegi babagan poenika dadosa panggalihanipoen para K.W. - K.W. toewin P. K. W. pisan!!

Atoer koela poenika sapélé, nanging wigatos!

Para sadèrèk koela atoeri nolèh gedering djagad ndjawi.

Sad. Moeda Protestant saged njepengi bandéra kanggé sangoe laboeh Indonesia, awoedjoed s. k. „Pamardi siswa" Moeda Kristen Djawi — Rindoe Dendam — Soeloeh pemoeda — Tuwokona — Soerat Parsaroan — Omhoog — Opgang (poenika ingkang koela soemerepi, mbokmanawi taksih wonten malih). Golongan para moeda M. D. saged mongkok kalijan wontenipoen „Correspondentieblad — Swara Siswa Praja — Het Licht." Para moeda kaoem kabangsaan kalijan wontenipoen „Indonesia Moeda — Goemarita — Siswa Goepita — Soeara-Jakatera — Soeara Pemoeda Mataram — Indonesia Raja — Soeara Indonesia Moeda — l. s. p."

Hara poenapa kita badé mèndel kémawon!

Sinten ing béndjing ingkang tjalon dados paran toetoehaning anak poetoe kita??

Koela atoeri tjantjoed tali wanda!! Tjobi sadèrèk mangga ngatingalaken katijasan kita — Sw. Tm. kita koewalahen — poenapa „Kinderkrant" kémawon inggih badé koewalahen makaten?

Koela atoeri mriksani pasambatipoen poetra-poetra pandjenengan, ingkang taksih alit, alit ing sadajanipoen, ingkang betah sanget pitoeloengan poenika!

Samangsa babagan poenika kalampahan madeg, „Trenggana" saking C. C. Solo sagah mbantoe ing sasaged-sagedipoen. *)

C.C. Solo. TRENGGANA.

*) *Patjar Merah*—kita, oegi sampoen naté njoengoelaken prakawis poenika. Doemoegi sapriki taksih tanpa woesana. Mangga sami dipoentandangi saèstoe. *Red.*

-:- VARIA. -:-

RAMBIPOEDJI.

Rambipoedji: poenika kadadosan saking: wit rambi: lan kjai Poedji.

Kinten-kinten 200 taoen kapengker, wonten tijang Djawi saking Banjoewangi, nama kjai Poedji, mbikak wana wonten satjelakipoen Djember. Ing panggénan ngrikoe taksih wana bondot-bondotan, rawarawa lan paredèn, taksih dèrèng kénging dipoenambah. Sima sawer, andapan babi lan kéwan sanèsipoen sami remen pados panggesangan pijambak-pijambak tan wonten ingkang moena-sika.

Katjarijos, satoenggiling dinten, sasampoenipoen sadaja mirantos, kjai Poedji waoe loemebet wana. Wonten ngrikoe soemerep wit ingkang agengipoen nglangkoengi, inggih poenika wit rambi. Sarèhning tijang kina-kina poenika kala roemijin taksih sami adjrih lan ngoermati sanget dateng wit, séla ingkang agengageng, lan dateng barang ingkang anèh-anèh, margi nginten jèn barang poenika waoe gadah daja ingkang saged damel begdja tjilakaning manoengsa, milanipoen inggih nama limrah, jèn ta kjai Poedji waoe oegi mandeg mangoe badé negor wit rambi waoe. Nanging, dangoe-dangoe wit rambi waoe inggih ladjeng kategor déning kjai Poedji. Sarèhning pijambakipoen lestantoen wiloedjeng lan wit waoe wit ingkang kategor roemijin pijambak, milanipoen panggénan waoe ladjeng kanamakaken: Rambipoedji, saking wit rambi lan kjai Poedji.

Adinipoen kjai Poedji, nama kjai Goendam, mbikak wana satjelakipoen ngrikoe; panggénan waoe ladjeng kanamakaken: Rambi - Goendam.

— 0 —

Menggah sapoenikanipoen Rambipoedji poenika kita alit mèh njaméni Moentilan. Priboeminipoen mèh sadaja tijang tani lan sami gadah pémahan lan sabin lan sadaja waoe sami tjampoeradoek kalijan tijang Medoera. Basa ingkang kanggé tjantenan saben dinten basa Medoera. Pamedalipoen sabin, sasampoenipoen kataneman sata, ladjeng kataneman pantoen lan palawidja. Radjakaja lan iwèn, ageng-ageng lan lemalema.

Sekolahanipoen 2, i. p. sekolahan angka II, voertaal Medoera, doemoegi klas V. Lan satoenggalipoen i. p. Standaardschool doemoegi klas VI, gadahanipoen Carmel-stichting. Bikaking Standaardshool anggèndèng adeging coöperatie, kamar-bolah lan avond cursus kanggé tijang sepoeh. Samanten roemijin.

SAÉ NGATEN POENIKA?

Saleresipoen bangsa kita Djawi poenika (sadèrèk doesoen) taksih katah ingkang adjrih bab merdjampi dateng Dokter.

Djalaran sawenèhing tijang wonten ingkang tjarijos: „Adja namba menjang Dokter moendak dipotong; dibedèl, didjoepoek poloné enz. enz.

Malah-malah wonten ingkang kalampahan kados ing ngandap poenika:

Manoet tjarijosipoen lebéé ing Doesoen Pekidjangan onderdistrict Boelakamba (Tegal), nalika tanggal 2-7-'30 wonten tjatjaran (pokken inenting) ing panggènanipoen bekel doesoen kaseboet. Poen Mantri-tjatjar gadah lampah ingkang boten mrajogèkaken ing ngakatah; margi saking strengipoen.

Makaten waoe kedah anggadahi

poma-poma lan wates oegi, sampoen kok ladjeng: „Akoe toch koewasa." O, poenika boten kénging. Malah-malah para prijantoen ingkang ngasta babagan D. V. G. (Dienst der Volks Gezondheid) kedah anggadahi manah ingkang sabar; soepados kantja ndoesoen samia kendel lan ngertos dateng bab kadokteran.

Nalika samanten wonten tijang kalih, nami Goeteng lan Wasoem. Kalih-kalihipoen sami goemedjeng. Sang mantri-tjatjar ladjeng doeka. Tijang kalih kapoerih njokot djengkok (koersi of dingklik). Jèn renggang ladjeng katabok, ngaten waoe ngantos ± 1 djam dangoenipoen, toer tiningalan tijang katah. (Adoeh!! H).

Saoepami bendara mantri-tjatjar kadamel kados makaten poenapa inggih poeroen??

„Remen?? Lingsem?? Noen??"

Malih; ing sarèhning tijangipoen èketan temtoe sami ngraosaken soemoek, lan sami kringeten.

Jèn wonten tijang ingkang badé katjatjar, mangka lengen taksih kringeten, sang mantri-tjatjar ngasta oedengipoen tijang waoe tjek, ladjeng kanggé ngoesapi, lap, lap, lap. Wasana kawangsoelaken dateng sirahipoen tijang waoe. mak kloemproek.

O, sadèrèk, koela atoeri ènget, sinten ta ingkang katjatjar lan ingkang natjar? „Adja manèh bangsa lija oraä anggoné sawijah-wijah; hla wong . . . . . !"

Makaten waoe malah damel moendoering kantja ndoesoen ingkang badé sowan merdjampi dateng bendara Dokter.

Rak inggih ta para maos?

Saé? Ngaten poenika?

Koela poen
H. ijo to?

TOONEELOPVOERING „JATNASIDAJA"

Tg. 4. Jatnasidaja saèstoe ngawontenaken opvoering. Woedjoedding programma: Openingsrede — Panembrama — Standen. (soembangan saking „Morgen Ster") — Herlaoet — Toneelstuk Hardjatani — Ringgit klitik „Menak Soepena."

Tetingalan sadaja saé; boten ngoetjiwani!!

Ingriki perloe koela tjatet bilih Jatnasidaja sanget moelja lan loehoer gegajoehanipoen. — Soemboet lan namanipoen. i. p. Jatnasidaja (émoet ing karahardjan) katanda: Katingal sanget anggènipoen ngrangkoel dateng sociale actie — dados sanès barangan — Samangsa-mangsa wonten damel pari damel „Jatnasidaja" tansah badé ngatoeraken kekijatanipoen kagem oemoem.

Wontenipoen ing opvoering waoe koela saged soemerep wéla-wéla bilih pak: Jatnasidaja:

ngarah dateng kamadjenganing onderwijs.

tegen lan polygamië.

ngantepi dateng kasaénan.

Angsal-angsalanipoen ± f 700. Bebatèn resik, kadanakaken dateng: (Kinderzorg comité 25%. Télamaja fonds 20% Nationaal fonds 5% — Kas Jatnasidaja 40%.

Moegi-moegi kaboela!! (A. J. S.)

OPVOEDING.

PANGLIMBANG.

Sambetipoen Sw. Tm. No. 10.

Wasananipoen anggènipoen sami dateng sakolah kanti senenging manah, gampil dipoenerèh lan sami anggatosaken piwoelang. Éwasamanten goeroe kempalipoen kalijan laré-laré, boten roemaket sanget-sanget, ingkang dipoenwékani, laré ingkang watakipoen goemloewèh sembrana, sampoen ngantos koemawani, kirang doegi-doegi, ngitjalaken tata krama.

Manawi wonten ingkang nginten manawi ingkang makaten waoe kabekta saking: „gila hormat," poenika klintoe. Djalaran ingkang dipoenperlokaken boten pakoermatanipoen, ananging saéning kelakoeanipoen laré, soepados soemerep ing tata krama. Saoepami wonten ing sadjawining pamoelangan wonten laré ingkang ing bab tata krama dados tjatjadan, saged kelampahan sakolahipoen toemoet kèmbèt. Ingkang makaten poenika boten mitoenèn oetawi njoeda aosing pamoelangan. Tamtoe kémawon goeroenipoen oegi toemoet pakèwed. Pramila perloe sanget dipoenoedi soepados laré-laré sami patrap-patrap.

Amargi saking pangatos-atos, sampoen temtoe kémawon goeroe boten badé gadah tindak boten pradoelèn, sadaja ingkang dipoenlampahi ing moeridipoen sami klebet ing manah, sadaja ingkang katindakaken sami dados manah. Amargi tindak ngatos-atos waoe, goeroe boten badé angèl lados-ladosanipoen, kabekta saking wola-walipoen. Manawi wonten kalanipoen keras pamitjaranipoen, poenika kabekta saking pangoedi, moerih saja madjengipoen laré-laré.

Toememen dateng padamelan boten ateges boten poeroen goegoedjengan, awit sanadjan namoeng goegoedjengan, meksa inggih wonten perloenipoen. Ing salebetipoen njenengaken moerid, soeka-soeka sami goemoedjeng, boten badé nilar doegi sarta prajogi. Manawi makaten tatananing klas temtoe tansah saé. Moerid sami ngertos loenggoehing moerid, lan goeroenipoen dipoenadji-adji kados sapantesipoen.

Sadaja piwoelang sarta wewarah boten mlabet koeping kiwa medal koeping tengen, ananging toemandja, toemandjem ing sanoebari, tjoemèntèl dados pèmoet, ngémoetaken ingkang sisip, andjalari sami kadoemoegèn, poenapa ingkang dados antjasing manahipoen.

Badé kasambet.

OERAP-SARI

(PETIKAN SAKING SERAT-SERAT KABAR SANÈS.)

KABAR KATHOLIEK.

Dateng Indonesia.

Pangagengipoen Orde Franciscanen, pandjenenganipoen P. Regalatus Hazebroek kawartosaken béndjing September poenika badé dateng Indonesia kalijan P. Hentzen, preloe papriksa pakarjaning para warganipoen.

Wisoedan Kardinal gangsal.

Pandjenenganipoen Biskop ing Rijssel Mgr. Achiles Lienart, Maha Biskop ing Rio de Janeiro Mgr. Silveira Cintra, Mgr. Serafini, Mgr. Selvaggiani, sami winisoeda djoemeneng Kardinal.

Pisoengsoengipoen tetijang Katholiek Tiongkok.

Gandèng kalijan sèket taoenan dalem K. S. Rama Pius XI djoemeneng Imam, tetijang Katholiek bangsa Tionghoa ing Tiongkok sami ngoendjoekaken pisoengsoeng awarni arta katahipoen 30.000 dollar Mexicaan.

Arta poenika kakintoenaken sareng-sareng kalijan seratipoen Imam Salesiaan Mgr. Versiglia ingkang nembé poenika dipoensédani doerdjana.

Ing serat waoe kaatoeraken bilih arta poenika ingkang katah sanget klempakan arta saking oemat Katholiek Tionghoa ingkang boten gadah.

Mexico.

Sanadyan sampoen wonten bedamènipoen Pasamoewan Katholiek kalijan paréntah, éwadéné para prijantoen taksih katah ingkang nandoekaken patrap boten saé dateng golongan Katholiek.

Ing Michocan mentas wonten konggrès tetanèn, ingkang leresipoen namoeng ngrembag prakawis-prakawis tatanèn. Nanging rembag ing ngrikoe ladjeng éwah babar pisan ngantos wonten sosorah-sosorah politiek, sarta katah ingkang isinipoen boten narimahaken dateng ngoelama-ngoelama Katholiek.

Oemoemipoen, tandoek mengsah golongan Katholiek waoe dipoenkeker-keker. Pandjenenganipoen Biskop ing Zamora dalah para pastoeripoen tansah dipoensepijoeni.

Atas dawoehipoen regeeringscommissaris sakolahanipoen professor Sancedo ing Chihuahua dipoentoetoep margi goeroe-gooroenipoen ing ngrikoe wonten kalih ingkang Imam. Awisan moelangaken Agami ing sakolahan, pantjèn inggih wonten. Nanging Chihuahua poenika tétéla sanget dèrèng wonten ingkang nerak awisan waoe.

Dokter Katholiek malih.

Sadèrèk *Moeljataroena*, Ngajogjakarta, roemijin sakolah wonten Kw. S. Moentilan, katarimah iksamenipoen Indisch Arts.

Ngatoeraken kasoegengan, sadèrèk! Pangadjeng-adjengipoen Sw. T. moegi pandjenengan ladjeng angijatna adjenging pakempalan-pakempalan Katholiek Djawi. Moegi-moegi!!

KABAR OEMOEM

INDONESIA

Pabrik bir.

Soerabaja mentas nantjebaken saka pandemèn pabrik bir, pandjangipoen 20 M. sarta ambles salebetipoen tigang prasakawan djam.

Pabrik bir ing Soerabaja waoe gadahanipoen N.V. Ned. Ind. Bierbrouwerijen. Manoet rantjangan ing dalem sataoen tjalon ngedalaken bir samlijoen gendoel. Pabrik waoe tjalonipoen pabrik bir modern ingkang sapisanan ing Indonesia ngriki.

Plakzegel palsoe.

N. I. Handelsbank Medan tampi serat saking hoofdkantoor njarijosaken bilih wonten plakzegel Indonesia (nggangsal welas sèn) ingkang palsoe. Agènipoen bank waoe ing Tokio mentas kadatengan tijang Djepang nedya nglintokaken plakzegel goengg. kempal¦ pangaos f 4 00.000. Tijangipoen katahan. *(Sum. Post).*

Memorie van Antwoord.

Pèngetan wangsoelanipoen Paréntah toemrap Wawasan Oemoem (Algemeene Beschouwing) sampoen medal kala 4 Juli, ing ngriki koela petik kémawon ingkang perloe-perloe:

1. *Merangi Communisme.* Paréntah boten ngakeni sasarengan kalijan nagari-nagari satjelakipoen ngriki kanggé ngoepados sarana amerangi Communisme. Paréntah mratélakaken anggènipoen wonten sanginggiling sadaja parté, nanging angakeni bilih *parté kominis oetawi parté sanès ingkang ambabajani toemrap katentreman oemoem* poenika dédé staatkundige partij. Toemrap parté-parté poenika waoe,nagari kersa, saged lan kénging boten nétral.

Pangrengkoehipoen nagari dateng pakempalan-pakempalan èstri inggih boten béda kalijan dateng parté sanèsipoen sawatawis.

2. *Coöperatie.* Kanggé ngadjengaken economie, adeging babatonan (Coöperaties) poenika pantjèn saé. Ingkang kedah toemandang boten namoeng para pangandjoering bangsa. Kanggé ngadjengaken economie waoe, para prijantoening nagari saged sasarengan kalijan ébah-ébahanipoen bangsa ngriki.

3. *Schaal.* Manoet panitipriksa, para prijantoen golongan schaal B, poenika ingkang tijang Priboemi namoeng wonten 30%.

4. *Pindah Bandoeng??* B. O. W. badé tampi dawoeh damel rantjangan waragad prakawis pindahipoen departement² dateng Bandoeng.

5. *Digoel.* Palapoeranipoen goepernoer Hillen kanti tjatetan tjekakan sapinten tjatjahipoen tijang ingkang sampoen kawangsoelaken saking Digoel lan ingkang taksih kawangsoelaken, badé kapasrahaken dateng Raad Kawoela.

Raad Kawoela.

Nitik ing Algemeene Beschouwingen (Wawasan Oemoem), wonten warga ingkang sami njoewoen, kadosta:

— Soepados Paréntah ambangoen politiekipoen bab siti toemrap dateng para Walandi Indo, preloe sageda golongan poenika waoe pikantoek tjagaking gesang saking tetanèn alit oetawi kleine landbouw.

— Njoewoen soepados studieopdracht poenika dipoenwatesi (kasedikaken). Njoewoen pratélan waragad ingkang kawedalaken kanggé studieopdracht ing salebeting taoen-taoen ingkang akir poenika.

— Sawenèhing warga njoewoen lestantoening tatakeraning wekdal kantor njamboet damel ingkang officieel.

— Katah warga sami njoewoen soepados Paréntah toemandang ambijantoe temenan dateng panggaotan-panggaotanipoen tijang boemi.

— Njoewoen soepados ing wekdal pangiridan poenika, manawi Paréntah badé pados baoe, kedah *langkoeng roemijin* pados ing tanah Indonesia kémawon.

— Njoewoen soepados dipoenénggalaken wontening pranatan toemrap sagedipoen para tijdelijke ambtenaren dateng vasten dienst.

— Dipoensoewoen, salebeting commissie-commissie poenika dipoenwontenana pirantos-pirantosipoen ingkang njekapi, preloenipoen sageda angénggalaken rembag-rembagipoen.

— Dipoensoewoen soepados prakawis² politiek énggal dipoenadili.

— Tetijang tahanan prakawis politiek sampoen woewoelanan anggènipoen katahan wonten salebeting koendjara.

— Njoewoen soepados temboeng „Inlander" lan Inlandsch" ing serat-serat officieel saking nagari, dipoengantos „Indonesiër" lan „Indonesisch."

— Njoewoen wontening papatokan épahan ingkang sakedik pijambak (minimumloon). Poenika gandèng kalijan saja katahipoen tijang pados pandamelan ingkang kakoewatosaken andjalari saja mlorotipoen regining baoenipoen tijang ngriki.

Wonten warga ingkang njoewoen pirsa kados-poendi pangrengkoehipoen Paréntah dateng pakempalan² wanita; sapinten tjatjahipoen tijang boetjalan ing Digoel ingkang sampoen kaantoekaken, lss.

Grija adat.

Ing Fort de Kock kawartosaken wonten pakempalan ingkang sedyanipoen damel grija adat (adatwoning) tjara Minangkabau poenapadéné ngawontenaken moesijoem blak-blakan ing Fort de Kock (openluchtmuseum).

Kanggé kolonialetentoonstelling ing Paris tetijang andamel grija adat sakalangkoeng saé, waragadipoen f 10.000 kasanggi B. B. ing ngrikoe, sarta béndjing badé kaedegaken wonten openluchtmuseum.

Tilas G. G. Formosa dateng Indonesia.

Salebetipoen woelan poenika, prof. Uchi da Kakichi tilas G. G. Formosa lan sapoenikanipoen dados president radiodienst Djepang, badé dateng t. Indonesia perloe angrembag sasambetanipoen radio Djepang kalijan Indonesia. Saking ngriki ladjeng teroes dateng Australië inggih perloe ngrembag prakawis radio.

Waragadipoen Digoel.

Kanggé pamboetjalan ing Digoel, paréntah sampoen ngedalaken waragad: kala taoen 1927 . . . f 158.000; taoen 1928 . . . f 454.000; taoen 1929 . . . f 360.000. Kanggé taoen 1930 poenika, taksiranipoen tjalon ngedalaken arta f 420.000.

Arta kirang f 4200.

Kawartosaken saking Bandoeng bilih hulppostcommies ing *Klampok*, Radèn *Awal Soemantri* ngitjal, sarta kasipoen pinanggih tekort f 4200.

Arbeidsinspectie tanah Djawi.

Ing salebetipoen begrooting Justitie kapratélakaken bilih wiwit tg. 1 Januari 1931 ing tanah Djawi kawontenaken Arbeidsinspectie, sarta kapérang-pérang dados tiga: Djawi Kilèn, Tengah lan Wétan. Déné kantoranipoen manggèn ing Betawi, Semarang lan Soerabaja.

Toemrap inspectiekantoor ing Soerabaja saged oegi wiwit 1 Agoestoes ngadjeng poenika sampoen katindakaken dipoenpangagengi toean R. J. J. Biemond ingkang sapoenikanipoen sampoen kawadjibaken noentoen Arbeidsinspectie Djawi Wétan, nanging manggèn ing Betawi.

Toko Akiz kabesmèn.

Toko Akiz ing Soerabaja mentas kabesmèn. Ing pérangan lampoe Philips wonten lampoe 1 mlijoenan ingkang kabesmi. Kapitoenèn f 600.000.

Sarem Indonesia dateng Hindoestan.

Baita Ternaté kawartosaken ngangkat sarem 3000 ton kabekta dateng Calcuta.

Saweg sapisan poenika sarem Indonesia kabekta dateng Hindoestan.

Pamedal Post.

Pamedal P. T. T., salebetipoen woelan Mei kapengker poenika wonten f 3.011.813.

Kala Mei taoen 1929 angsal f 2.927.347.

Martamoe dateng Indonesia.

Goepernoer ing Straits Settlements badé martamoe officieel dateng G. G. Indonesia, nitih montor maboer saking Singgapoer tg. 27 Agoestoes.

Warga Raad Kawoela énggal.

Ir. F. L. P. G. Fournier, hoofdingenieur ing pakarjan Telegrafie lan Telefonie, kaangkat dados warga Raad Kawoela.

Wohipoen karem main.

R. Soedjiwo klerk De Arbeid Semarang ingkang nganggé arta f 3950 kaoekoem $1^1/_2$ taoen. Anggènipoen nganggé arta samanten waoe, kanggé main.

SAKING NGAJOGJAKARTA.

Vakcentrale.

Kala Ngahad kapengker poenika, pakempalanipoen pakempalan-pakempalan toenggil damel, Vakcentrale P. V. P. N. (Perkoempoelan Vakbonden Pegawai Negeri) damel parepatan oemoem, dipoenpangarsani sadr. Soerjopranoto, tijang ingkang dateng watawis kalih atoesan, . . perloe nglahiraken boten senenging manahipoen para prijantoen alit-alit ingkang sami anggolong wonten P. V. P. N., toemrap badé wontening bezuiniging. Ingkang medar sabda sad. Soerjopranoto, wakil Midpost, H. B. P. B. S. T. Bandoeng, wakiling pakempalanipoen para Adj. Landbouwconsulent, wakil H. B. P. P. P. H., saha sadèrèk Sangadji.

Parepatan damel *motie* makaten:

Openbare vergadering dari P. V. P. N., pada hari 6 Juli 1930 di Djokja, dimana berhadlir wakil-wakil dari vakbonden.

Mendengar ketrangan-ketrangan baik schriftelijk jang diterima oleh bestuur P. V. P. N., baik mondeling jang diterangkan dimoeka vergadering ini hari, maka njatalah kalau waktoe ini formatie pegawai rendahan dari Pandhuisdienst soedah amat sempit, sehingga personeel rendahan bekerdja keliwat dari mesti. Hal ini ternjata djoega dari satoe artikel di Alg. Handelsblad di Semarang tanggal 24 Maart '30 dengan memakai titel „Toestand bij den Pandhuisdienst" dimana diseboetkan kalau dalam boelan November oleh Inspecteerendeambtenaren ditrimanja satoe circulaire jang menentoekan berhoeboeng dengan tekortnja personeel haroes personeel bekerdja lebih lama dan boleh sampai poekoel 6 petang hari;

Mendengar poela ketrangan dari pehak P. B. S. T. bahwa ini waktoe telah terdjadi pekerdjaan stationscommiezen didjalankan oleh stationsbeambten jang belandjanja tidak setimbang dengan pekerdjaan tadi, demikian poela formatie dihalte-halte dikoerangi sehingga haltechef bekerdja lebih dari mesti dan terlaloe berat;

Selandjoetnja mendengar dari pehak Bond dari Adj. Landbouwconsulenten bahwa lantaran bezuiniging hal naik rang boeat Adj. Landbouwconsulenten boeat sementara distop, hal mana boeat seorang Adj. Landbouwconsulent jang mestinja soedah naik rang berarti mengandoeng roegi ± f 100, seboelan;

Vergadering menimbang bahwa bezuiniging jang dilakoekan pada pegawai schaal A. (jang djoega pada Opium Regie) seperti diatas, mengingat belandjanja jang soedah koerang dibanding dengan pegawai jang sama kepandaiannja (ontwikkelingnja) di schaal B, adalah tidak adil.

Mendengar hadjat Regeering hendak mengoerangi 4% dari djoemblah wang jang dipergoenakan boeat belandja pegawai negeri dan menjetop kenaikan orang dari pegawai rendahan maka vergadering merasa amat keberatan bila bezuiniging dilakoekan pada personeel rendahan terseboet diatas.

Vergadering menimbang bahwa pegawai negeri lantaran kenaikannja belasting penghasilan dengan djalan opcenten dan naiknja invoerrecht, langsoeng dan tidak langsoeng, toeroet memikoel bertambah beratnja padjak tadi, maka karena itoe dirasanja akan tidak adilnja djika pegawai negeri dengan djalan lain haroes mengalami lagi kesoesahan lantaran bezuiniging.

Vergadering menimbang kalau bezuiniging bisa didapatkan dengan djalan lain, oempama memandjangkan tempo boeat mendapatkan hak verlof keloear negeri dari 6 sampai 7 at. 8 taoen. Dengan djalan ini bisa didapatnja wang beberapa miljoen roepiah, sedang pegawai jang dioendoer temponja verlof tidak mengalami keroegian. Hal ini diketjoealikan jang pergi verlof lantaran sakit.

Memoetoeskan keberatan-keberatan diatas diadjoekan kepada Regeering dan Volksraad dengan sangat diharapnja soepaja dapat perhatian.

Kadjawi poenika pangarsaning parepatan ngoendjoekaken tilgram njoewoen pangajoman dateng Sri Maha Radja Poetri Wilhelmina. Kajakinanipoen pangarsa: kalanipoen njonjah Landzaat dipoenpedjahi, tetijang Walandi ing Deli sami njoewoen pangajoman Sri Maha Radja Poetri, mila boten wonten awonipoen manawi prijantoen-prijantoen ingkang tjalon pedjah déning bezuiniging oegi njoewoen pangajoman.

(Verslaggever).

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

MISSIE lan POLITIEK tjara BINTANG TIMOER.

Djangan gegabah, . . . saudara!!

Sadèrèk! Sampoen pinten taoen anggèn pandjenengan dados Katholiek?

Sampoen pinten taoen anggèn pandjenengan dados poetranipoen Missie?

Sampoen pinten taoen anggèn pandjenengan dados pradjoeritipoen Roem?

Nanging, ... poenapa anggèn pandjenengan anggajoeh kamardikanipoen Indonesia sampoen naté *dipoenpapagoli Missie?* Poenapa Missie naté ndawoehaken: „Kowé adja nggajoeh kamardikan!"— „*Boten naté!*"

Poenapa salebeting dadasar Katholiek wonten awisan ngangkah kamardikanipoen siti kalahiran?

Tétéla sanget boten wonten! Wawarah *Katholiek* moelangaken *saben bangsa gadah wewenang ngerèh tanahipoen pijambak!*

Dados kita anakipoen Indonesia inggih gadah wewenang ngregem tanah kita pijambak.

Mila, Pasamoean Katholiek, Missie, inggih boten ngawisi kita anggebjoer wonten madyaning politiek, anggajoeh oetjoelipoen Indonesia saking tatangsoelipoen bangsa Walandi!

***

Éwadéné, . . . ing Indonesia ngriki wonten koran ingkang mastani *Missie* poenika njingkrihaken titijang Indonesia saking gegajoehan politiek. Serat kabar waoe, i.p. *Bintang Timoer*, pérangan Hollandsche Editie ingkang dipoenredaktoeri sadèrèk Kotjosoengkono, tanggal 27 Juni 1930; (no. 143), kaseboet ing artikel „Indonesianiseering."

Kadjawi sanès-sanès, artikel waoe njarijosaken panantangipoen *S. Oppenkamp* notaris Bodjanagara dateng mr. P. M. C. J. Hamer ondervoorzitter Vaderlandsche Club. Toewan Oppenkamp sagah mresèni f 1000 dateng mr. Hamer samangsa mr. Hamer saged amboektèkaken wonten oemoem bilih: (soeraosipoen kémawon)

a. Ing salebetipoen Indische Katholieke Partij wonten daja ingkang nindakaken ethische politiek kanggé moeloet martobatipoen titijang Priboemi dados Katholiek.

b. Para pangadjengipoen I.K.P. oet. titijangipoen Missie anggènipoen ngangkah andarbèni soekmanipoen titijang Priboemi sarana idam-idaman kamardikanipoen Indonesia.

c. Ing salebetipoen I. K. P. wonten ingkang gadah pamanggih sagedipoen titijang Priboemi gampil ngrasoek Katholiek poenika kedah dipoendjandjèni kamardikanipoen Indonesia.

Manawi boten saged mboektèkaken, mr. Hamer ladjeng pikantoek seboetan saking mr. Oppenkamp toekang ngala-ala enz.

Bintang Timoer gadah pamanggih mr. Hamer mesti boten saged amboektèkaken. Nanging serat kabar waoe ladjeng mitoetoeri makaten:

„Kan mr. Hamer het tegenovergestelde wel bewijzen? Namelijk *dat de missie zich ten doel stelt de heerlijkheid van het Cristendom aan den Indonesischen volke te verkondigen om het af te houden van alle politieke strevingen? Om het zoet te houden met de leer van naastenliefde enz. opdat het zijn ziel niet zal verpesten met het idee van onafhankelijkheid?* Welnu, dan zal mr. Hamer niet gebrandmerkt als aartsbedrieger! (Dojonging aksara déning Patjar Mérah).— Djawinipoen kiranglangkoeng makaten: „Apa mr. Hamer bisa mboektèkaké kosokbaliné? Jakoewi: *toedjoening missie mono moelangaké èdi loehoering Agama Kristen perloené arep njingkrihaké bangsa Indonesia saka sakabèhé gegajoehan politiek. Preloe ngléla-léla sarana wawarah katresnan ing sapada-pada l.l.l. karebèn soekmané ora mati déning gagasan madeg pribadi?* Jèn mangkono, mr. Hamer mesti ora bakal diarani toekang goroh sing wis oebet banget kaé!!

Ing taoen 1930, taksih wonten swara makaten poenika, saèstoe anggoemoenaken. Poenapa inggih *Bintang Timoer* boten mangertos bilih ing salebeting djagad kita wonten pakempalan *P.P.K.D.* ingkang nembé poenika mentas amèngeti *gangsal taoenipoen*? Mentas ngéwahi statutenipoen? Mokal jèn botena mangertos!

***

Bintang Timoer! Adanja *P.P.K.D.* dikalangan Kath. Indonesiër Djawa, adalah soeatoe *boekti* jang *njata*, bahwa Missie sekali-kali *tidak merintangi* kita bergerak menoedjoe *Indonesia Merdika.*

Tentoe sadja politiek kita *tidak sama* dengan politiek *Bintang Timoer!* Dengan tegas: politiek kita ada didasarkan *Katholicisme!* Diberdirikan diatas *Solidarisme!*

Seperti djoega *Bintang Timoer* takloek kepada liberalismenja, kita Kath. Indonesiërs poen takloek djoega kepada kita poenja *Solidarisme.*

Seperti djoega *N. V. Bintang Hindia* melarang Bintang Timoernja meleset dari rilnja liberaal, begitoe djoega Geredja Katholiek melarang poetra-poetranja bergerak kedjoeroesan politiek jang *bertentangan dengan azas Katholiek!*

Djadi, dengan sesoenggoeh-soenggoeh hati . . . disini kami terangkan bahwa Geredja Katholiek dengan Missienja sekali-kali tidak melarang kami bergerak kedjoeroesan politiek, asal sadja politiek kami itoe berdasar Katholicisme!

Djadi, djikalau *Bintang Timoer* mengatakan „de missie stelt zich ten doel de heerlijkheid van het Christendom aan den Indon. volke te verkondigen, om het *af te houden* van ALLE politieke strevingen" — itoe dengan teroes terang kami katakan disini: „*bohong, bohong besaaaaar sekali!!*"

Sekali lagi, Missie *tidak melarang* kami berpolitiek, asal politiek kita *tidak bertentangan dengan azas Katholiek!*

Sekian sadja! Kami harap, *Bintang Timoer* soeka mengerti!

Kumuningsaselé 6 Juni 1930.

Taklim: PATJAR MÉRAH.

CORRESPONDENTIE.

A. J. Beng: poenentosi roemijin; minggoe ngadjeng katranganipoen.

Sad. Padm. ing Kl. mriksanana Sw.Tm.: sapoenika; sanèsipoen poensrantosaken.

Sad. L. J. Lamb: sampoen katampi: minggoe ngadjeng:

Abn. no.	536	S. te Poerw.
„ „	545	B. S. Pad. te Oeng.
„ „	555	P. S. te Sal.
„ „	576	C. K. H. te Temp.
„ „	580	G. D. te Welt.
„ „	585	C. H. P. te Djag. Moent.
„ „	595	I. S. te Mal.
„ „	773	J. R. S. te Mal.
„ „	756	R. R. J. te Sem.
„ „	312	D. te Dk.
„ „	654	I. S. te Sol.
„ „	552	B. R. te Sol.
„ „	328	M. S. M. te Sol.
„ „	291	R. C. S. B. te Sol.

Abonné kasbat nginggil, manawi doemoegi tangg. 20 Juli boten mbajar oetawi soeka kabar, badé kasetop lan dipoentitèni.

ADMINISTRATIE.

Pindahan.

M. J. Sapardi / R. M. C. Soepari. } **Wignjasoemarta.**

saking Vervolgschool **Panakawan (Krian)**

dateng

Sekolahan Kl. 2 No. 1 **ing Ngrambé (Post Walikoekoen).**

Houtvester dipoenbetahaken.

Sampoen dangoe nagari ngihtijari soepados katah para néneman poeroen dados houtvester, pangageng wana.

Tijang wedalan pamoelangan ing Nederland manawi dados houtvester wiwitan saged pikantoek bajar f 400.

Sasampoenipoen njamboet damel 6 taoen, pikantoek blandja f 600 sawoelan, lan kalih dasa taoen malih dasa malih saged pikantoek bajar f 1.100.

Manawi ladjeng saged dados inspecteur pikantoek bajar inggil-inggilipoen f 1250, manawi dados dienstvakhoofd f 1350, déné manawi ladjeng saged dados hoofdinspecteur blandjanipoen f 1500.

Pendak nem taoen sapisan, houtvester saged angsal prelop 8 woelan dateng Europa lan inggih pikantoek verlofssalaris.

Manawi panjamboet damelipoen sampoen kalih dasa taoen, sampoen pikantoek wewenang pènsijoen.

Waragad postpakket soeda.

Wragad postpakket saking tanah ngriki dateng Nederland, Suriname, wiwit tanggal 1 Djoeli poenika dipoenedakaken.

Parésidénan ing Priangan Kilèn.

Residentie Priangan Kilèn, manoet pamirengipoen Java Bode, ingkang kadadosan saking afd. Soekaboemi lan Tjiandjoer, bokmanawi kémawon badé dipoenitjali. Tjiandjoer ladjeng badé kalebetaken Prijangan Tengah, déné afd. Soekaboemi kalebetaken dateng afd. Buitenzorg.

Ratoe Adil.

Kawertos ing doesoen bawah Poerwokerta wonten tijang èstri ngaken Ratoe Adil, damel djampi-djampi kasadé regi 48 bribil, poenapa déné saged njoekani djimat kedotan boten tedas lalandep, regi f 10. Moeridipoen wonten ingkang dipoensoekani keris, kanggé soedijan manawi salebetipoen taoen 1931 oet. 1932 wonten poenapa-poenapa. Wonten malih ingkang dipoensoekani dom bolonganipoen pitoe. Bolongan waoe katjarijosaken katah kesektènipoen. Ratoe Adil waoe sagedipoen nampi para moerid jèn malem Slasa Kliwon, lan para moerid kedah ambekta wiloedjengan.
(A. I. D.)

Oetek Indonesiër.

Rm. Moerdakoesoema, poetra pambadjengipoen boepati Batang, katrimah iksamenipoen candidaatsrechten pérangan kaping kalih, wonten pamoelangan loehoer ing Leiden.

Student - student Djepang.

Béndjing tanggal 16 Juli poenika ing Soerabaja kadatengan student-student bangsa Djepang ing pamoelangan loehoer Taihoku (Formosa) ingkang andjadjah tanah ngriki, dipoenpangagengi goeroenipoen nama prof. Hayashi Tsunekichi. Kita ingkang badé dipoendatengi: Semarang, Betawi, Bandoeng, Garoet, Djokja, Solo, ladjeng wangsoel malih dateng Soerabaja teroes dateng Formosa medal Makasar, mampir ningali kita palaboehan nenem ing Tiongkok.

Soewakipoen heerendienst.

Kanggé kapreloewan itjaling heerendienst ing tanah Sabrang ing begrooting dipoensoedijani arta f 500.000.

Sasanggèn heerendienst poenika katindakaken wonten ing papan ingkang djiwanipoen 15 mlijoen dados kinten-kinten $^{3}/_{10}$ nipoen sadaja djiwa Indonésijah 51 mlijoen.

Ing th. Djawi (kinten-kinten 35 mlijoen djiwa) kadjawi ing tanah-tanah partikelir, lan sapéranganipoen tanah Kedjawèn, makaten oegi ing tanah Sabrang, heerendienst poenika sampoen kénging dipoenwastani sampoen kasoewak.

Ing koekoeban ingkang kabawah paréntah ingkang dipoenenggèni djiwa 41,7 mlijoen, sesanggèn heerendienst angèngingi tijang 8 mlijoen. Ing bawah zelfbestuur ingkang djiwanipoen 9,4 mlijoen ingkang kakéngingaken heerendienst papan ingkang djiwanipoen 7 mlijoen.

Sapérangan ageng tetijang sami neboes sesanggènipoen heerendienst. Tijang 1.495.508, ingkang kénging heerendienst kala '28 wonten 863.074 (57%) ingkang neboes sesanggènipoen. Katahipoen heerendienst ing sataoen ratjakipoen wonten 17 dinten. Déné ing djadjahan zelfbestuur ingkang neboes sesanggènipoen heerendienst wonten 25% lan ratjakipoen saben tijang satoenggal pikantoek aradan heerendienst 23 dinten setaoen. *(Het Nieuws).*

Herotjoekro kaboetjal.

A. Diets alijas Goesti Mohamad Hèroetjokro ingkang misoewoer dados djoeroe apoes ageng ingkang damel boten tentremipoen pasrawoengan ing Oengaran, kakéndangaken dateng Pangkalpinang (Banka).

MANTJA NEGARI.

HINDOE. *Ébah-ébahan Gandhi.* Ing ngrika mentas wonten panoentoen èstri dipoenkoendjara.

Taroengipoen poelisi kalijan para kaoem-pergerakan taksih teroes.

Manoet pawartos saking Bombay tijang woloeng èwoe mentas sami arak-arakan noedjoe gedong nagari, nanging dèrèng ngantos doemoegi papanipoen, saged kabibaraken. Paréntah njaroedjoeki pamanggihipoen commissie ingkang ngalem tindakipoen poelisi lan militèr kala wonten ontran-ontran ing Peshawar. Commissie waoe dipoentoentoen Shah Muhammad Sulaiman djaksa ing Hooggerechtshof, kalijan t. Pankridge.

TIONGKOK. Manoet katranganipoen kaptin baita *Tjisondari,* t. J. J. Duit, ingkang mentas saking Tiongkok, dateng verslaggever Aneta, wekdal sapoenika bab palajaran boten wonten pakèwedipoen poenapa-poenapa, koeli-koeli Tionghoa ing baita, sami kémawon kalijan sadèrèngipoen wonten burgeroorlog. Kawontenan ing Tiongkok sapoenika, andjalari mlorodipoen regining dollar Tiongkok, satemah andjalari indaking reregèn barang. Nanging mindakipoen regining barang waoe ingkang katawis wonten toko-toko Éropah, manawi toko-toko Tionghoa boten patosa anggènipoen ngindakaken. Katentreman oemoem ing Sjanghai katingal boten kereksa, kerep wonten brandal sijang-sijangan tjampoeh wonten margi ageng.

DJERMAN. *Rijnland mardika.* Tanah Rijn ingkang sabakdanipoen perang ageng kabawah Frankrijk sarta dipoendjagi saradadoe, sampoen mardika kawangsoelaken dateng Djerman malih. Kala 30 Djoeni, bandéra Parangakik kaoedoenaken, tinampi keplok mawoerahan, ladjeng gentos, bandéra Djerman koemlèbèt wonten poendi-poendi; wadya Parangakik késah saking ngrikoe.

PARANGAKIK. Kamer mentas moetoes ngedalaken crediet 2 mlijoen franc kanggé mèngeti 15 taoenipoen dinten pisahing Pradja kalijan Pasamoewan Soetji. Ingkang tjotjog warga 475, ingkang boten 112.

WAWASAN BOEKOE.

Serat Sekar Matjapat, djilid I, tjap-tjapan III. wedalan *J. B. Wolters,* karanganipoen *M. Kartaamidjaja* ing Serang. regi f 0,25.

Serat waoe karengga ing gambar, isi dodongéngan tjekak-tjekak sinawoeng sekar matjapat, kanggé pamoelangan angka kalih pangkat ngandap, lan pamoelangan doesoen pangkat nginggil.

Sanadyan temboeng-temboengipoen taksih katah ingkang angèl, éwadéné toemrap para ingkang ngadjengaken lalagon ing salebeting piwoelang tjarijos, prajogi sanget manawi anggadahana boekoe waoe. Isinipoen: dongèng dridji; koetoek ketjemploeng kalèn; djago ndjaloek bali soengoené; glatik kélangan anak; kasarasan; kasregepané tawon madoe; djago adon arep dibelèh; botjah konangan anggoné amblajang; karoekoenané semoet; moerid karo embokné; padésan ing wajah ésoek.

Gids Melajoe
tahoen ka VII
oleh
N. V. H. D. Mac Gillavry.

Gids Melajoe poenika kawedalaken manoet taoen Djawi, dados wiwit woelan Soera. Sinten kémawon saged angsal Gids Melajoe poenika lelahanan. Pabrik Mac Gillavry sampoen katah pitoeloenganipoen kanggé tijang ingkang njamboet damel ing pabrik ngrikoe. Déné sarana ngedalaken Gids Melajoe poenika oegi soeka pitoeloengan ageng dateng tijang katah. Isinipoen Gids Melajoe poenika pepak sanget toer prakawis ingkang migoenani dateng ngakatah. Oep. badé soemerep tjatjahing sekolahan H. I. S. ing tanah Djawi, saged. Tjatjahing sekolahan sanès makaten oegi. Sinten boten soemerep, pinten bajaranipoen sekolahan andap, tengahan lan sekolahan inggil, saged madosi ing Gids Melajoe. Sinten badé kintoen tilgram dateng tanah sabrang, saged madosi ing Gids Melajoe. Tjekakipoen mawarni-warni isinipoen; dalasan leloetjon kémawon, inggih boten kantoen. Tjobi poen jektosaken pijambak.

Kedjawi poenika ing wingking wonten lijst temboeng Melajoe kanggé zelfstudie (Maleisch-Hollandsch). Poenapa malih kalampiran oegi kaart tanah Djawi manoet pranatan énggal. Pangetjapipoen Gids Malajoe saé, dlantjangipoen kapara kesaénen.

Redactie matoer noewoen lan memoedji sageda Gids Melajoe soemebar ing satanah Djawi.